

**BENEFIS TRANSFÈ  
ELEKTWONIK  
(EBT)**

**MOUN KI GEN KAT KONT EBT SOU ENTÈNÈT  
GID ITILIZATÈ**

Tanpri kenbe an kont ke sèten tip biznis pa gen pèmision pou pèmèt ou itilize kat Transfè Avantaj Elektwonik (Electronic Benefit Transfer, EBT) ou an pou achte atik oswa pou retire lajan kach nan etablisman yo an. Biznis pa otorize pou yo kite w itilize kat EBT ou nan:

- Magazen alkòl
- Magazen diven
- Sant byè/bwason
- Teren kous
- Kazino
- Enstalasyon lotri videyo
- Enstalasyon pou fè pari andeyò teren kous
- Enstalasyon bingo komèsyal; ak
- Kote ki bay amizman pou granmoun kote moun kap pèfòme yo retire rad yo oswa pèfòme san rad.

Kliyan ki gen Kont Koupon pou Achte Manje nan EBT ak/oswa Kont Lajan Kach ka jwenn enfòmasyon sou kont yo kounye nan entènèt nan lang Angle oswa Panyòl. Sitwèb sekirize a se: [www.connectebt.com](http://www.connectebt.com)

Kont sou entènèt la pèmèt moun ki gen kat la anrejistre pou l gen aksè a sèvis yo sou entènèt. Depi moun ki gen kat la fin kreye yon kont sou entènèt, yo ka konekte pou chanje PIN kat yo a, gade ak/oswa enprime istwa tranzaksyon pou toulède pwogram yo SNAP ak Lajan kach, oswa rapòte ke kat yo pèdi, vòlè oswa andomaje.

Karakteristik Sitwèb sekirize sou Kont Kliyan EBT a gen ladan:

- Balans Kont
- Chanje PIN kat la
- Gade Istwa Tranzaksyon
- Sant Mesaj NYC
- Rapòte kat ki pèdi, vòlè oswa andomaje
- Mande Relve Kont chak mwa
- Bliye ID Itilizatè
- Chanje Modpass Kont

Sa ki annaprè yo se enstriksyon pou konekte, anrejistre epi navige sou sitwèb la. Moun ki gen kat yo gen obligasyon pou yo gen yon ID Itilizatè ak Modpas pou yo ka gen aksè a enfòmasyon sou kat yo.

#### 1. Sitwèb Kont Kliyan EBT - [www.connectebt.com](http://www.connectebt.com)

- Ekran Koneksyon – Seleksyone “New York” nan meni ki deplwaye a epi ekri idantifikasyon itilizatè ou an ak modpas epi klike sou “login”.
- Kòm yon mezi sekirite, moun ki gen kat yo pap ka gen aksè a kont yo (bloke) apre twa esè pou konekte youn dèyè lòt. Lè yo bloke yon itilizatè, itilizatè a dwe rejwenn modpas la itilize lyen Reset Password (Gade Nimewo 11. Ekran Reyajiste Modpas /Reset Password) pou gen aksè a kont lan. Yap debloke kont itilizatè a otomatikman apre (12:01am), keseswa modpas la te chanje.
- Si yon moun ki gen kat bliye modpas li, yo ka itilize lyen Reyajiste Modpas / Reset Password link (Gade Nimewo 11. Ekran Reyajiste Modpas / Reset Password) pou kreye yon nouvo modpas pou itilizatè kont lan. Nan fason pou reyajiste modpas la, moun ki gen kat yo dwe konnen enfòmasyon pèsònèl yo.

#### 2. Paj Koneksyon New York State EBT

- Pou kapab aksede a sitwèb la pou premye fwa, pwopriyetè kat la dwe an premye anrejistre/kreye yon kont an liy. Pou ou kapab fè sa, seleksyone “New York” nan meni ki deplwaye a anba “Create a new User Id and Password” epi klike sou “Submit”.

### 3. Kreye Nouvo Paj Kont /Create New Account Page. Nan paj sa a moun ki gen kat la kapab kreye yon ID Itilizatè ak Modpas pou Aksè a kont sou entènèt.

- Gade enstriksyon “Kreye Nouvo Kont” / “Create New Account” nan pati dwat paj “Kreye Nouvo Kont” / “Create New Account”.
  - Pou kreye yon nouvo kont, antre 5 chif **KÓD POSTAL** moun ki gen kat prensipal la, **PIN, Nimewo Kat** 19 chif EBT w la, Yon **ID Itilizatè** ou chwazi ak yon **Modpas** ou chwazi. ID itilizatè w la dwe gen omwen 4 karaktè men li pa ka genyen plis pase 10 karaktè long. Ou ka itilize nenpòt konbinezon lèt oswa chif nan ID Itilizatè a. ID Itilizatè a pa an majiskil.
  - Modpas ou a dwe ant 8 ak 12 karaktè long e li dwe gen yon konbinezon chif, alfabè majiskil, ak karaktè alfabetik miniskil. Modpas ou a an miniskil e li dwe chanje chak 90 jou.
  - Klike sou bouton “SUBMIT”.
  - Apresa ekran “Security Setup” pral afiche. Nan fason pou enstale kont sou entènèt ou a wap bezwen pou chwazi yon “Kesyon Sekirite” / “Security Question” nan lis anba epi bay yon “Repons Sekirite” / “Security Answer”. Wap bezwen pou sonje kesyon sekirite a ansanm avèk konbinezon repons lan.
  - Sonje enfòmasyon an oswa anrejistre l yon kote ki ansekirite. Enfòmasyon an ap nesese si w ta vin bliye ID Itilizatè ou. (Gade Nimewo 12. Ekran ki gen enstriksyon sou Bliye ID Itilizatè pou jwenn kijan pou mande pou yo voye pa imèl ID Itilizatè ou.)
  - Apresa antre adrès imèl ou ak konfimasyon adrès imèl ou kote ou vle pou yo imèl ID itilizatè a si w bliye ID itilizatè w la e ou bezwen pou yo imèl li pou ou. Ou dwe gen yon adrès imèl pou enstale yon kont sou entènèt. Si w pa gen yon adrès imèl, ou ka itilize youn nan lyen ki nan pati goch paj la pou ensrki pou yon adrès imèl gratis.
  - Depi ou fin kreye kont itilizatè w avèk siksè, ou ka anrejistre sou kont ou avèk Id Itilizatè ak modpas ou. Sistèm lan ap reponn avèk yon mesaj ki gen siksè (gade anba).

### 4. Paj Prensipal Koneksyon pou New York State EBT depi ou vin kreye kont lan. Lokalize @ [www.connectebt.com/nyebtclient/](http://www.connectebt.com/nyebtclient/).

- Antre Id itilizatè ak Modpas ou. Yo pral transfere w sou Paj Dakèy Prensipal Enfòmasyon Kliyan w lan. Paj sa ap afiche balans kont aktyèl ou e li gen lyen ki pèmèt ou pou:
  - Gade istwa tranzaksyon ou
  - Mande de mwa relve sou istwa kont ou
  - Chanje PIN kat ou
  - Chanje modpas kont ou
  - Enstale yon nouvo kesyon sekirite pou gen aksè a kont ou si ou bliye modpas ou ak/oswa chanje adrès imèl ou
  - Tcheke mesaj ou (Moun ki gen kat NYC sèlman)
  - Rapòte si kat ou pèdi, vòlè oswa andomaje epi kòmande yon kat ranplasman

## 5. Ekran Istwa Tranzaksyon

- Ekran Tranzaksyon yo pral afiche rezime tranzaksyon yo pou jiska yon dat 90-jou.
- Pou gade tranzaksyon yo, anba “My Activity - Check Transaction History” nan meni ki dewoule anba, chwazi “from date” e nan meni kap dewoule anba “to date”. Klike sou Search. Paj rezime tranzaksyon an pral afiche.
- Paj Rezime Tranzaksyon an enkli:
  - Bouton “Print” - Pou louvri yon nouvo fenèt epi enprime istwa tranzaksyon an ki afiche
  - Non w ak nimewo kat la (kat dènye chif yo)
  - Chwazi peryòd dat pou fè rechèch la
  - Total kredi ak debi SNAP pou peryòd dat rechèch la
  - Total kredi ak debi Kach pou peryòd dat rechèch la
  - Dat ak lè Tranzaksyon
  - Dat Règleman
  - Komèsan kote tranzaksyon an te fèt
  - Adrès / lokal Komèsan
  - Kat dènye chif kat ou te itilize a
  - Kalite Tranzaksyon – FS (SNAP) oswa Lajan kach
  - Kalite Tranzasyon ou te konplete –Acha FS, Acha Kach, Chaj Otorizasyon, elatriye.
  - Kantite lajan debi oswa kredi
  - Chaj Total ak depo/kredi
  - Balans kouran
  - Bouton Demann pou de mwa relve kont

## 6. Ekran Chanje PIN

- Ekran sa pèmèt moun ki gen kat la chanje PIN aktyèl li depi yo ka antre 5 chif kòd postal moun ki gen kat la ak PIN aktyèl la ak si yo pa gen yon restriksyon PIN ki anplas. Moun ki gen kat la ka chanje PIN lan otan de fwa ke li vle pou nenpòt lòt nimewo 4 chif. Yon moun ki gen kat ki gen yon restriksyon PIN pap ka chanje PIN yo avèk Sèvis Kliyantèl EBT nan telefòn oswa sou entènèt nan sitwèb kliyan an. Moun ki gen kat la dwe ale avèk kat yo nan yon sant lokal oswa biwo distri pou chanje PIN yo.
- Pou gen aksè a ekran “Change PIN” klike sou “PIN” nan lyen navigasyon an sou kwen bò dwat paj la. Ekran “Change PIN” lan ap afiche.
- Antre kòd postal 5 chif moun prensipal ki gen kat la, PIN aktyèl li ak nouvo PIN nan nan toulède “New PIN” ansanm avèk bwat “Confirm PIN”. Klike sou “Submit”.
- Yon mesaj “Proceed with PIN Change” ap parèt. Si w vle kontinye avèk chanje PIN ou an klike sou “OK”. Si ou pa vle chanje PIN ou an klike sou “Cancel”. Si ou klike sou “OK” yon mesaj “Your new PIN has been accepted” pral afiche kap konfime ke PIN ou an te chanje avèk siksè.

## 7. Chanje Ekran Modpas

- Ou ka chanje modpas kont sitwèb Kliyan EBT w la a nenpòt kilè.
- Ou ka chanje modpas lè ou itilize ekran “Change Password” apre ou fin konekte sou sitwèb kliyan oswa nan ekran “Reset Password” anvan ou konekte sou sitwèb kliyan (gade nimewo 11. Reyajiste Modpas /Reset Password anba).
- Ekran “Change Password” pèmèt itilizatè a chanje modpas nan kont li sou entènèt apre yo te fin konfime modpas la.
- Pou gen aksè a ekran “Change Password” klike sou “Password” nan lyen navigasyon an ki sou kwen nan bò dwat paj la. Ekran “Change Password” la ap afiche.
- Antre modpas aktyèl la nan bwat “Old Password”. Antre nouvo modpas ou nan alafwa “Enter New Password” ansanm avèk nan bwat “Confirm Password”. Klike sou “Submit”.
- Yon mesaj “Successfully Changed Password” pral parèt. Klike sou “OK”.
- Règleman Kont Modpas yo se:
  - Modpas yo dwe ant 8 ak 12 karaktè
  - Modpas yo dwe gen yon konbinezon chif, lèt an majiskil, ak karaktè lèt anminiskil
  - Yo dwe chanje modpas yo chak 90 jou
  - Modpas yo pa kapab menm jan avèk sa ki te la 6 mwa anvan

## 8. Ekran pou Chanje Kesyon ak Repons Sekirite ak Adrès Imèl Ajou

- Ekran sa a pèmèt itilizatè a gade ak/oswa chanje Kesyon Sekirite sou Kont yo, Repons ak/oswa Adrès Imèl.
- Pou gen aksè a ekran “Change Security Question & Answer and Email Address Update” klike sou “Security Q&A” nan lyen navigasyon ki sou kwen dwat paj la. Ekran “Change Security Question & Answer and Email Address Update” ap afiche avèk Kesyon Sekirite, Repons Sekirite ak Adrès Imèl.
- Pou fè chanjman nan Kesyon Sekirite, anba seksyon “New Selection”, chwazi Kesyon Sekirite nan bwat meni anba nan nouvo repons ou a. Ou dwe antre yon Repons Sekirite lè ou chanje Kesyon Sekirite w la. Si pa gen lòt chanjman ki nesèsè, tankou adrès imèl, klike sou “Submit”.
- Si ou vle mete adrès imèl ou ajou antre nouvo adrès imèl ou nan bwat “Email Address” ak “Confirm Email Address” epi klike sou soumèt.

## 9. Ekran Mesaj – Vil New York (NYC) Moun ki gen kat Sèlman

- Mesaj la pèmèt moun ki gen kat la gade mesaj yo ki soti nan travayè lokal NYC yo.
- Pou gen aksè a ekran access the “Messages” klike sou “Messages” nan lyen navigasyon ki sou kwen nan bò dwat paj la. Ekran “Message” la afiche.

- Si ou gen nenpòt mesaj, yo pral parèt. Apre chak mesaj pral gen yon kazye pou make kap endike ke yo te li mesaj la. Depi yo fin li, oswa tande mesaj la lè yo rele liy dirèk EBT a, li pral rete sou paj mesaj la jiska minwi nan jou sa. Mesaj ke yo pa li /tande ki parèt sou paj mesaj la ap rete pou 15 jou.

#### 10. Ekran pou rapòte kat ki pèdi- Vòlè- Andomaje

- Ekran sa pèmèt moun ki gen kat la pou l rapòte ke kat li pèdi, vòlè oswa andomaje epi kòmande yon kat ranplasman.
- Pou gen aksè a ekran “Report Lost/Stolen/Damaged Card” klike sou lyen navigasyon “Report Lost/Stolen/Damaged Card” nan kwen dwat anwo sou paj la. Ekran “Report Lost/Stolen/Damaged Card” ap afiche.
- Chwazi pwoblèm ki apwopriye a (Lost, Stolen or Damage) nan meni anba “Select Problem Type”. **Si w bezwen yon kat ranplasman li enpòtan anpil ke ou tcheke bwat ki anba “Request Replacement” anvan ou peze “submit”.** Klike sou “Submit”.
- Si ou te tcheke bwat “Request Replacement” yon mesaj pral parèt – “Èske ou sèten ou vle kòmande yon kat ranplasman? / Are you sure you want to order a replacement card?” Klike sou “Yes” estati/dezaktive kat ou a oswa “No” pou kat ou a rete aktif epi sispans nenpòt pwosesis ranplasman nan kat ou.
- Depi ou fin pran estati /dezaktive kat ou yon mesaj ki rapòte ke “your card was successfully statused” ap afiche nan tèt ekran an.

#### 11. Ekran Reyajiste Modpas/Reset Password Screen – Aksesib nan paj Koneksyon New York Electronic Benefit Transfer (EBT) @ [www.connectebt.com/nyebtclient/](http://www.connectebt.com/nyebtclient/).

- Ekran sa a pèmèt itilizatè a reyajiste modpas kont yo san li pa gen pou konekte sou paj kliyan.
- Pou gen aksè a ekran “Reyajiste Modpas” “Reset Password” klike sou lyen “Reset Password” nan bò goch Paj koneksyon New York Electronic Benefit Transfer. Ekran “Reset Password” pral afiche.
- Nan fason pou reyajiste modpas ou a, ou dwe antre 5 chif kòd postal moun ki gen kat la, PIN aktyèl moun ki gen kat la nimewo kat 19 chif EBT a ak nouvo modpas ou defwa. Klike sou “Submit”. Modpas ou a te reyajiste.

#### 12. Ekran Bliye ID Itilizatè/Forgotten User ID Screen – Aksesib nan Paj koneksyon New York Electronic Benefit Transfer (EBT) @ [www.connectebt.com/nyebtclient/](http://www.connectebt.com/nyebtclient/).

- Ekran sa a pèmèt itilizatè ki te bliye Id itilizatè yo made ke yo voye pa imèl id itilizatè yo nan imèl adrès ke yo te antre a lè yo te premye ap enstale kont lan.
- Pou gen aksè a ekran “Forgotten User ID” klike sou lyen “Forgotten User ID” nan pati goch sou paj koneksyon New York Electronic Benefit Transfer. Ekran “Forgotten User ID” a pral afiche.
- Antre kòd postal 5 chif adrès moun ki gen kat la, nimewo PIN aktyèl la ak nimewo kat 19 chif EBT moun ki gen kat la. Klike sou bouton “Submit” lan e ou pral jwenn ekran sekirite a kote ou pral bezwen chwazi epi reponn a kesyon sekirite ou te chwazi lè ou te fenk ap enstale kont ou an. Apre ou fin antre bon repons lan epi ou klike sou “Submit” yap imèl ID Itilizatè w la nan adrès imèl ou te antre lè ou te fenk ap enstale kont ou an.